



GID POU MOUN K AP VOTE

DIREKTÈ JENERAL ELEKSYON AN NAN KEBÈK VLE FÈ OU KONN DWA OU.

ÈSKE OU KAPAB VOTE?

Pou ou kapab vote, fok non ou enskri sou lis elektoral la, lèfini fok, jou eleksyon an, ou reponn a kondisyon sa yo :

- Ou gen 18 an oubyen plis;
- Ou se sitwayen kanadyen;
- Ou ap viv nan Kebèk depi 6 mwa.

ÈSKE NON OU ENSKRI SOU LIS ELEKTORAL LA?

Pou ou konnen sa, ou kapab jis verifye anons enskripsyon ou resevwa lakay ou a.

KOUMAN OU KA FÈ ENSKRI NON OU SOU LIS ELEKTORAL LA?

Fòk ou prezante ou nan biwo revizyon an pou mande enskri non ou, osnon korije non ou nan lis elektoral la. Yon fanmi ou, mari ou, madanm ou osnon yon moun ki abite lakay ou kapab fè sa nan plas ou.

Fòk ou prezante 2 pyès idantite lè ou ap fè demann nan, sinon y ap refize fè l.

1^e pyès idantite :

Premye pyès sa a dwe gen non ou ak dat fèt ou.

Egzanp : Ak nesans moun, Kat Asirans maladi Québec, Paspò Kanadyen

2^e pyès idantite :

Dezyèm pyès la dwe gen nou ou ak adrès ou.

Egzanp : Pémi Kondui Québec, telefòn ou bil elektrisité

KI KOTE BIWO REVIZYON AN YE?

Ou ap jwenn ni adrès biwo revizyon an, ni ki jou, a ki lè l ap ouvri, nan anons ou resevwa lakay ou a.

DELÈ SUPPLÉMENTAIRES

Peryòd revizyon an fin pase, ou ta bezwen pou ou fè koreksyon an kanmèm nan lis elektoral la, chache kominike ak biwo direktè vòt la. Y a ba ou dat revizyon espesyal sa ap fèt epi y a tou di ou ki kote pou ou al fè sa. Nan ka sa a, se sèl vòtè a limenm k ap kapab depoze demann sa a.

ENPÒTAN! Lè w fè yo enskri non w sou lis elektoral la jou revizyon espesyal la, sa pa pèmèt ou vote menm dat ak moun ki kab vote anvan jou eleksyon an, men w ap kab vote sèlman jou moun ap vote nan biwo direktè eleksyon an oubyen jou eleksyon an menm.

KI KOTE AK KI LÈ POU AL VOTE?

Kèk jou anvan eleksyon, ou apral resevwa yon kat pou fe ou sonje ek ki genyen tout enfòmasyon ki mande pou yo vote nan jou eleksyon. Ou jwenn tou non kandida dan nan elektoral divizyon ou an.

ÈSKE OU PA KAPAB VÒT JÒU ELEKSYON ? PLIZYÈ ALTÈNATIF YO DISPONIB.

- Ou ka vote nan eleksyon an avans. Konsilte anons ou resevwa lakay ou pou chèche adrès, jou ak lè ouverture de ou biwo vòt yo.

- Ou ka vote nan biwo ofisye responsab a oubyen nan yonn nan biwo désigné yo pandan ou te sere pou sa menm. Pou konner ofisye responsab a, ou konsilte nou sit entènèt pou w jwenn biwo ki te attribué pou ou.
- Si ou sont tanporèman viv nan yon divizyon elektoral pa divizyon elektoral lakay nou pandan jou eleksyon, ou ka vote nan biwo ofisye responsab a nan divizyon elektoral sa a pandan tan sere pou sa menm. Ou pwal vote pou yon kandida divizyon elektoral a nan lakay ou.
- Biwo vòt pou mete nan pi fò Inivèsite ak kolèj.

Kouman pou ou vote ?

1^e etap : responsab biwo vòt la ap verifye enskripsyon ou sou lis elektoral la.

2^e etap : ou ap prezante yon pyès pou ou idantifye ou.

3^e etap : y ap renmèt ou yon bilten vòt.

4^e etap : ou apral dèyè kachèt la, kote ou ap ka vote an sekre, san moun pa wè.

5^e etap : lè ou fin chwazi kandida ou, ou rebran direksyon tab la.

6^e etap : ou ap depoze bilten vòt la nan bwat bilten an pou kò ou.

ENPÒTAN! Pou ou vote, ou fèt pou ou prezante yonn nan dokiman nou pral site la a pou ou ka bay prèv idantite ou :

- Kat Asirans maladi Québec;
- Pémi Kondui Québec;
- Paspò Kanadyen;
- Sètifika ou kom (estati) Endyen;
- Kat idantité ou nan Lamé (Forces) Kanadyen.

ÈSKE PA GEN LÒT FASON KI FÈ EGZÈSIS DWA W POU VÒT?

Wi, genyen lòt mezi espesyal nan plas pou pèp :

- pa tanporèman la an Québec;
- pa kapab pou yo kite lakay yo pou rezon sante ek ado (caregiver) rete nan menm adrès la;
- ou ap viv nan yon lopital, lon tèm swen kay Ek sant swen, yon sant reyabilite, ou résidences pou granmoun lan.

Ou pa konnen okenn moun nan yonn nan sityasyon sa yo ?

Enfòme yo osito ke posibil, paske aplikasyon pou enskripsyon bezwen resevwa byen bonè nan peryòd eleksyon an.

OU GEN KESYON OU TA VLE POZE ?

- Ale sou sit entènèt nou : www.elections.quebec.
- Pran kontak ak nou nan nimewo gratis sa a : **1 888 ELECTION (1 888 353-2846)**.
- Ekri nou nan adrès : info@electionsquebec.qc.ca.